

Бир
бай
болыпты

Оның
үлкен
үйи,







...қымбат
машина-
лары,

...көп хызмет-керлери болыпты.





Бир рет ол оғада көп ақша таўыпты.

Сонда ол:"Мен өмиримниң ақырына шекем жететин мол дунья таптым! Енди аркайын бахытлы өмир сүрсем болады",- депти.



Бирақ Қудай оған түнде:

**"Ҳәй, ақмақ! Бүгин түнде сениң жаныңды аламан! Сонда жыйнаған дуньяң кимлерге қалады?"**

- депти.



Солай етип, бай өлипти ҳәм оны уллы тәнтана менен жерлепти.

Моллалар: "Жаны жәннетте болсын! Жақсы адам еди!" - деп дуўалар оқыпты.





Байдың жанын периште алып кетиўге келип: "Тур орныңнан! Кеттик!" - депти.

- Ҳаў, мен өлип, бәри тамам болмай ма?

- Яқ, енди сен Қудайдың алдында турыўың керек!
- Ол жерде не болады?
- Ол жерде сениң жер бетиндеги барлық исиң көрип шығылады!Ҳәм соған қарай сениң мәңги-ликтеги орның я бейиште, я дозақта белгиленеди.
-Ўай, мен қорқып баратырман!





Қудай периштеге:

**"Оның өмирин көрсет!"**

- деп буйырды.

Сонда аспанда хәммениң алдында таўардай бир ақ нәрсе пайда болып, онда байдың өмири бастан аяқ көрсетиле баслады.



**Бул сениң өмириң!**





**Урлық**

**14.10.1987**

**07.04.1991**

**28.09.1996**

**..............................**

| | |
|---|---|
|  | **Бузықшылық**<br>14.02.1997, 02.11.2001 ............. |
|  | **Ата-анаға ҳүрметсизлик**<br>24.09.1986 ........................... |
| **Мәскүнемлик**<br>14.02.1997, 02.11.2001 |     |
|  | **Өсек таратыў**<br>07.04.1991<br>28.09.1996 |
| **Ашыў-ғәзеп**<br>07.04.1991<br>28.09.1996 |   |
|  | **Урысыў**<br>07.04.1991<br>28.09.1996 |
| **Балаларынан ашыўын алыў**<br>28.09.1996. 28.09.1996 |  |





**Жаман кино-лар кориў**

**07.04.1991**
**28.09.1996 ...**

**Бийпәрўалық Тасбаўырлық**









**Қыянет**

**Ашкөзлик**







**Бутқа табыныў**

**Ақшаны сүйиў**





| | |
|---|---|
|   | Кеширмеў-шилик |
| Мақтаншақлық |  |
|  | Алдаў |
| Менменлик |  |



Сонда Қудай периштеге: "Оның аты Өмир Китабында барма?" - деди.

Периште: "Оның аты бул Китапта жоқ!" - деп жуўап берди.





Сонда Қудай байға: "Ҳәй, шайтанға ерген қул, Меннен ары шайтан ҳәм оның хызметшилерине таяр турған дозаққа кет!!!" - деди.

Атлары Өмир Китабында жазылмағанлар мәңгилик отлы көлге тасланады! Аян 21:19





Дозақтың оты өшпейди, қурты өлмейди. Ол жерге түскенлер пушайман болып, күни түни үзиликсиз азап шегеди. (Матта).

Өйткени адам гүнасының жазасы - өлимдур! Рим.6:23



# Сениң өмириң пүткиллей басқаша жүўмақланыўы мүмкин!!!

# Хош Хабар

Сен дүньядағы ең қууанышлы хабарды еситтиң бе?

**Бул - Қудайдың адамды қутқаратуғыны хаққындағы Хош Хабар!!!**

Мухаддес Китаптағы Алтын Аят:

## Мухаддес Китаптағы Алтын Аят:

"Өйткени Қудай дүньяны сүйгенлиги соншелли, Өзиниң жалғыз Улын берди. Оның Улына исенген адам набыт болмайды, ал мәңгилик өмирге ийе болады!!!" Юхан.3:16



Құдайдың бас периштеси Жабырайыл қыз Мариямға көринип: "Сен ҳаял заты ишинде жарылқанғанысаң. Өйткени сен ҳәмледар болып, Ул туўасаң. Ол дүньяны қутқаратуғын Патша болады",-деди.
Мариям: "Ҳаў, мен еркек затына жақынласпаған болсам, бул қалай болады?"-деп сорады.

Периште Мариямға:"Құдайдың қүдирети үстиңе түсип, Мухаддес Руўх саясын салады. Сонлықтан қурсағыңда пайда болатуғын бала Құдайдың Улы деп аталады", - деди.
Мариям: "Мен Құдиретли Құдайдың қулыман, сениң айтқаныңдай болсын!" - деп жуўап берди.





**Мариямның ай-күни толып Ул туўды. Ҳәм периштениң оған айтқанындай Нәрестеге Ийса деп ат қойды!**

Бейтлехем қаласының сыртында түнде шопанлар қойларына қарап отырған еди. Күтилмегенде, Құдайдың бир периштеси олардың алдында пайда болып, әтирап жақты болып кетти. Периште оларға: "Қорқпаңлар! Мен сизлерге ҳәмме адамларды шексиз қуўандыратын Хош Хабарды айтыўға келдим. Бүгин Даўыттың қаласында Қутқарыўшы Масих туўылды!" - деди.





Ийса отыз жасында Өз хызметин баслады. Ол: "Тәўбе етиңлер! Өйткени Құдай Патшалығы жақынлады!"- деп пүткил халық бойлап жәриялады.



Ол соқырладың көзин ашты, гереңлердиң қулағын ашты, сақаўларды сөйлейтуғын қылды.

Ақсақ хәм майыпларды жүрстуғын қылды.





Ләң болғанларды шыпалап, орынларынан турғызып жиберди!

Гүнакарлардың гүнасын кеширди.





Өлгенлерге жан берип, қайта тирилтти!



Жин урғанларды жинлерден азат етти. Қояншық кеселине шатылғанларға шыпа берди.

Даўыл хәм теңизге буйрық берип, оларды тынышшлындырды!





Суў бетинен жүрди.

Бес нан, еки балықты көбейтип, бес мыңнан артық халықты тойдырды.





Ол адамлардың ишинде не барын билер еди.

Ол ҳәммеге дыққатлы болды, ҳәтте, шәкиртлерине: "Маған кишкене балалардың келиўи-не тосқынлық жасамаңлар", - деп буйрық берди.





Ол Аспан Патшалығының сырларын айтты хәм ақыр заманның белгилерин алдыннан айтып кетти.

Ол: "Мен - жақсы Шопанман. Мен жойтылғанларды таўып, қутқарыўға келдим. Мен қой-ларым ушын жанымды береремен", - деди.





Ол Өзи ҳаққында шәкиртлерине: "Адам Улы гүнакарлардың қолына тапсырылады. Олар Оны азаплап масқаралап, өлтиреди. Бирақ Мен үш күннен соң қайта тирилемен",- деди.

Ол адамларды қутқарыўы ушын, олардың ислеген гүналарын Өзине алыўы керек еди!

Басқа жол жоқ еди!!!





Оның арқасына қырық мәрте қамшы урды. Қамшы үш қабат териден өрилген болып, арасына ушқыр темирлер, ушына терини жыртатын якорьға уқсас зат бар еди.

Бир батальон рыцарлар Оны масқаралады. Шат тикенеклерден басқа кийетуғын таж ислеп, Оның басына қадады.







Оны азанғы саат тоғызда атанақ ағашқа шегеледи. Ийса түски үшке шекем азап шегип, қағыўлы турды.

Ийшая пайғамбар Ол туўралы былай деп жазған еди:"Бизлер Оны Қудай жазалап атыр деп ойладық. Бирақ Ол болса бизлер-диң дүньямыздың жазасын Өзине алып, бизлердиң орнымызға өлимди алып атыр екен!"

Ол бизлерди қутқарыў ушын, Өз жанын қурбан-лыққа берди. Түски үште Ол жан тапсырды.





Оны жаңа бир қәбирге жерледи хәм қәбирдиң аўзына үлкен бир тас жумалатып қойды.

Ол үш күннен соң өлилер ишинен қайта тирилди. Ол соңғы душпан "өлимди" жеңип, қайта тирилди!!!






Ол қайта тирилген соң, 40 күн даўамында шәкирт-лерине көринди. Кейин шәкиртлерин жыйнап, оларға соңғы буйрықты берди! Кейин аспанға алынды!

Ол соңғы Алтын Буйрықты берди:
"Маған аспанда да, жерде де пүткил бийлик берилген! Сонлықтан барың-лар ҳәм барлық халықларды Маған шәкирт қылыңлар!"






Қудай Өз Улы Ийсаны аспан-ға алып, Өзиниң оң жағына тахтқа отырғызды ҳәм Оған аспан ҳәм жердеги барлық бийликти берди.

Қудай Өз Улы Ийса Масихты
**Аспан ҳәм Жердиң Ийеси,**
өлилер ҳәм тирилердиң Судьясы,
барлық адамлардың Қутқарыўшысы қылып мәңгиге бекитти!!!





Ийса былай дейди:

"Мен - Жол, Өмир ҳәм Ҳақыйқатпан! Мен арқалы болмаса, ҳеш ким аспандағы Әкеме бара алмайды!"

Қудай бүгин ҳәмме адамлардың тәўбе етиўин ҳәм Улы Ийсаға исениўин буйырады. Сонда адам Ийсаның пәк Қаны менен гүналарынан жуўылады ҳәм мәңгиге қутқарылады!





"Мен есик алдында есикти қағып турыппан. Ким Мениң даўысымды еситип, есикти ашса, Мен ишке киремен!"

Ол сениң жүрегиңниң есигин қағып тур!
Ол сениң рухсатыңсыз жүрегиңе кирмейди!

# Тәўбе еткен адамның өмири:



Ийем Ийса! Мени қутқар! Мен жүрегимниң есигин Саған ашаман. Жүрегиме кир ҳәм бүгиннен баслап мениң Ийем бол!!!

Сонда, - дейди Қүдиретли Қудай,- гүналарың батпақ-тай қара болса, қардай ақ қыламан, қойыў қызыл болса, ақ жүн сыяқлы ағартып пэк қыламан!!!





Ийса шәкиртлерине былай деди:"Жер бетинде бир адам тәўбе етсе, аспанда перииште-лер уллы қуўанышқа бөленип, шадланады!"

**Тэўбе етиў - бул жаңа өмир сүриў!!!**

Гуна ағымында ығып, набыт болыўға баратыр-ғанларға қол созып, қутқарылыўға жәрдем бериў.





Ибадатта болыў.

Қудай Сөзин орынлап өмир сүриў!!!





Жақсылық ислеў.

Хош Хабар менен бөлисиў.







Мүтәжлерге жәрдем бериў.

Ата-ананды ҳүрмет етиў.






Балаларына дыққат-итибарлы болып, жақсы тәлим-тәрбия бериў.

Өмирлик жолдасынды ҳүрмет етиў.





**Саламат өмир салты менен жасаў.**



Бахытлы шаңарақ қурыў.







Бир өмирге садық болып, қосағың менен қоса қартайыў!

Бир өмир Қудайға садық хызмет етип, бахытлы хәм мазмунлы өмир сүриў!!!

Бир өмир Қудайға садық хызмет етип, бахытлы хәм мазмунлы өмир сүриў!!!





Мухаддеслердиң өлими Қудайдың көзлеринде қымбат турады!!!

Оның аты Өмир Китабында бар!!!





Ийса оған: "Бәрәкәллә, садық хызметкер! Сен жер бетиндеги кишкене исте Маған садық болдың, енди мәңгиликте сени үлкен ислер үстинен қояман. Жүр, Мениң қуўанышыма ортақ бол!!!" - деди.

Солай етип, ҳақ адамлар мәңгилик өмирге кириў ушын, ал наҳақлар болса мәңгилик өлимге тасланыў ушын оянады!

